

## Ou pa gen asirans?

Pwogram Sèvis Kansè nan Eta New York (New York State Cancer Services Program, CSP) ofri tè depistaj gratis pou kansè nan kolon, pou moun ki abite New York ki kalifye, ki pa gen asirans.

**CSP ki nan zòn ou an se:**

Ou ka rele tou

**1-866-442-CANCER (2262)**

pou w jwenn yon pwogram toupre w.

Si w pa gen asirans, ou kapab jwenn enfòmasyon sou fason pou w enskri nan yon plan sante nan New York State of Health. Pou plis enfòmasyon, rele liy asistans lan nan **855.355.5777** oswa ale sou: [nystateofhealth.ny.gov](http://nystateofhealth.ny.gov)

## Jwenn Enfòmasyon sou

# FIT

**Li fasil pou w fè tè pou kansè nan kolon lakay ou ak FIT!**



**Si w gen 45 lane oswa plis ou ta dwe fè tè pou kansè nan kolon.**

**Poze pwofesyonèl swen sante w la kesyon sou tè pou kansè nan kolon an epi si FIT se tè ki bon pou ou a!**



**Cancer Services  
Program**

Yon pwogram nan Depatman Sante



**Department  
of Health**



## Èske ou konnen?

- Kansè kolorektal (yo rele tou kansè nan kolon) se kòz #2 nan lanmò pa kansè, men si nou fè tès regilyèman, li p ap oblije konsa.
- Tès depistaj yo ka detekte kansè nan kolon an bonè, lè yon tretman ka mache pi byen.
- Tès yo ka detekte timè yo (polip yo) pou yo ka gen tan retire yo anvan yo vin tounen kansè.
- Kansè nan kolon oswa polip yo ka pa bay okenn sentòm, sitou nan kòmansman. Pa rete tann sentòm yo anvan ou fè tès.
- Gen plis pase yon fason pou fè tès pou kansè nan kolon. Kèlkeswa tès ou chwazi a, fè tès la se sa ki pi bon chwa a.

## Kisa FIT la ye?

**FIT** se yon tès depistaj nan pou pou pou kansè nan kolon ki fèt yon fwa pa ane.

**FIT** siyifi  
Fecal Immunochemical Test.

**FIT** la fèt lakay ou epi ou voye l nan yon laboratwa.

**FIT** chache san nan pou pou a, ki ta ka yon premye siy kansè.

## Poukisa nou itilize FIT?

**FIT** fèt an sekirite, li abòdab, epi li fasil pou fè.

**FIT** fèt an sekre, lakay ou.

**FIT** Ou pa bezwen pran konje nan travay ou, chanje sa ou abitye manje oswa sispann pran medikaman.

## Ki moun ki dwe fè tès pou kansè nan kolon?

- Pifò moun ta dwe kòmanse fè tès pou kansè nan kolon depi w rive nan laj 45 lane. Moun ki gen yon istwa pèsònèl ak kansè nan kolon oubyen polip oswa ki gen manm fanmi yo ki fè kansè nan kolon oswa polip ka bezwen kòmanse pi bonè.

## E si rezilta tès mwen an negatif?

- Yon rezilta negatif vle di ke yo pa jwenn san (yon siy ki montre bonè ou gen kansè) nan pou pou yo.
- Yon tès **FIT** dwe fèt chak ane, menm si tès la negatif.

## E si rezilta mwen yo tounen pozitif?

- Si tès la pozitif, li nesesè pou w fè yon koloskopi pou yo wè si gen kansè, yon polip oswa lòt kòz ki fè w ap senyen.
- Lè yo detekte epi trete kansè nan kolon an bonè, li kapab geri.
- Lè yo detekte epi retire polip yo, yo ka evite w fè kansè nan kolon.